

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **1.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode miboga harti cara-cara atawa strategi pikeun maham kana fakta, léngkah-léngkah anu *terstruktur* dina nyanghareupan runtuyan sabab akibat. Méthode panalungtikan miboga dasar anu mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data jeung udagan ogé mangpaat.

Ieu panalungtikan ngagunakeun méthode panalungtikan kualitatif. Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 8) yén méthode panalungtikan kualitatif bisa disebut ogé panalungtikan naturalistik, sabab panalungtikanan dilakukeun dina kondisi alamiah.

Maksudna kondisi alamiah dina panalungtikan kualitatif téh nya éta data hasil panalungtikanna meunang ti lapangan jeung teu ngaya-ngaya ogé teu dikurangan atawa dileuwihan hasilna. Hal ieu saluyu jeung pamadegan Aprilia, spk (2017, kc 3.) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu miboga tujuan pikeun maham kana fénoména ngeunaan naon anu keur dialaman ku objék panalungtikan saperti paripolah, persépsi, motivasi, tindakan jeung sajabana, sacara holistik sarta ku cara déskripsi hiji kontéks anu husus jeung alamiah ku cara ngamanfaatkeun méthode ilmiah.


Salian ti ngagunakeun pamarekan kualitatif ieu panalungtikan ogé ngagunakeun méthode déskriptif analitik. Ratna (dina Yanita, 2016, kc. 166) negeskeun yén panalungtikan déskriptif analitik dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta tuluy disusul ku analisis. Cara gawéna nyaéta pikeun ngagambarkeun jeung méré faham ngeunaan fakta anu aya dina objék panalungtikan. Maksud dina fakta ieu panalungtikan nya éta mangrupa data ngeunaan struktur carita jeung psikologi perkembangan dina novél.

## 1.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa kagiatan anu dilaksanakeun nalika prosés panalungtikan, ti mimiti prosés nangtukeun masalah nepi ka nyusun laporan. Di handap ieu aya gambar struktur desain panalungtikan:

### Bagan 3.1

#### Désain Panalungtikan



## 3.3 Téknik Panalungtikan

Pikeun medar jeung ngajéntrékeun data struktur carita jeung psikologi perkembangan dina novél *Si Sekar Panggung* karya Tatang Sumarsono dibutuhkeun téknik panalungtikan anu ngawengku téknik ngumpulkeun data jeung téknik ngolah data.

Dini Damayanti, 2022

NOVÉL *SI SEKAR PANGGUNG* KARYA TATANG SUMARSONO (Ulukan Strukturan jeung Psikologi Perkembangan)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.3.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Salahsahiji pikeun ngahontalna sagala tujuan dina panalungtikan nyaéta téknik ngumpulkeun data. Dina ieu panalungtikan, téknik anu digunakeun nyaéta studi pustaka. Studi kepastakaan hartina téknik ngumpulkeun data ku cara nelaah kana buku, literatur catatan sarta laporan séjén anu patalina jeung masalah anu arék dianggeuskeun Nazir (dina Mirzaqon jeung Purwoko, 2017, kc. 4). Téknik panalungtikan ieu téh digunakeun pikeun meunangkeun informasi data jeung fakta anu pakaitna jeung objék panalungtikan. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Si Sekar Panggung* karya Tatang Sumarsono. Dirojong ogé ku data nu séjén anu raket patalina jeung struktural, ogé psikologi perkembangan.

### 3.4 Téknik Ngolah Data

Sabada data dikumpulkeun, léngkah satuluyna nya éta téknik ngolah data. Anu dianalisisna ngeunaan struktur jeung psikologi perkembangan. Dihandap ieu mangrupa léngkah-lengkah dinga ngolah data :

- a. Maca jeung maham kana novél *Si Sekar Panggung* karya Tatang Sumarsono.
- b. Nganalisis eusi novél *Si Sekar Panggung* karya Tatang Sumarsono ngaliwatan struktur jeung psikologi perkembangan.
- c. Ngadéskripsikeun struktur carita novél *Si Sekar Panggung* karya Tatang Sumarsono.
- d. Ngadéskripsikeun psikologi perkembangan dina novél *Si Sekar Panggung* karya Tatang Sumarsono.
- e. Nyieun kacindekan hasil tina analisis data.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan salahsahiji fasilitas nu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data. Nurutkeun Sugiyono (2017, kc.102) dina instrumen panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan sorangan, anapon tuluy fokus panalungtikan anu jelas, maka aya kamungkinan bakal dikembangkeun instrumen panalungtikan anu basajan, anu dipiharep bisa ngalengkepan data jeung data anu kapanggih.

Ku kituna panalungtik dibebaskeun pikeun néangan data, ngumpulkeun data analisis jeung nyieun kacindekan. Dina ieu panalungtikan sabab dibébaskeun panalungtik ngagunakeun instrumen tabél pikeun ngumpulkeun data jeung instrumen kartu data pikeun ngolah data.

### **Tabél Struktural**

**Tabél 3. 1**

#### **Téma**

<b>No.</b>	<b>Téma</b>	<b>Cutatan</b>	<b>Kode Data</b>

**Tabél 3. 2**

#### **Fakta Carita**

<b>No.</b>	<b>Fakta Carita</b>	<b>Cutatan</b>	<b>Kode Data</b>

**Tabél 3. 3**

#### **Sarana Carita**

<b>No.</b>	<b>Sarana Carita</b>	<b>Cutatan</b>	<b>Kode Data</b>

**Tabél 3. 4**  
**Psikologi Perkembangan**

No.	Psikologi Perkembangan	Cutatan	Kode Data

**Kartu Data Analisis Struktural**

**Tabél 3. 5**  
**Analisis Téma**

Kode data: SSP/Kc/P Téma: Cutatan: Kaca : Analisis:
---

**Tabél 3. 6**

**Analisis Fakta Carita**

Kode data: SSP/Kc/P Fakta Carita: Cutatan: Kaca : Analisis:
---

**Tabél 3. 7**

**Sarana Carita**

Kode data: SSP/Kc/P Sarana Carita: Cutatan: Kaca : Analisis:
--

**Tabél 3. 8**  
**Psikologi Perkembangan**

Kode data: SSP/Kc/P
Psikologi Perkembangan:
Cutatan:
Kaca :
Analisis:

**Keterangan:**

- SSP: Si Sekar Panggung
- Kc: Kaca
- P: Paragraf


**3.6 Data jeung Sumber Data**

Data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téori struktural Robert Stanton jeung psikologi perkembangan Agus Sujanto. Sedengkeun sumberdatan anu dipakena nyaéta novél *Si Sekar Panggung* karya Tatang Sumarsono. Dihandap ieu baris dipedar ngeunaan idéntitas data jeung idéntitas pangarang.

**3.6.1 Idéntitas Data**

Data dina ieu panalungtikan nya éta eusi dina novel *Si Sekar Panggung* karya Tatang Sumarsono.

**Gambar 3. 1**



Jejer : Si Sekar Panggung

Pangarang : Tatang Sumarsono

Dini Damayanti, 2022

**NOVÉL SI SEKAR PANGGUNG KARYA TATANG SUMARSONO (Ulukan Strukturan jeung Psikologi Perkembangan)**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

Kandel Kaca : 60 Kaca  
 Taun Medal : 2007  
 Pamedal : PT Kiblat Buku Utama  
 Citakan : Citakan ka-3

Déskripsi tina ieu novél nyaéta, nyaritakeun ngeunaan hiji budka anu ngarana Ahmad Hutomi landihanna Entom. Bapana Enton téh digawé ngurus kuda pacuan anu dititipkeun ku dunungananan. Salahsahiji dunungan Bapana Entom téh ngarana Haji Tantowi biasana sok dilandihan Pa Haji SPBU, sabab usahana kana pom bensin. Pa haji téh boga rumaja tilu anu kahiji keur sakola di Amerika, anu kadua di Jakarta, anu bungsu awéwé ngarna Néng Dinar umurna sarua kos Entom. Néng Dinar kacida resep kana kuda, sabab lamun Pa Haji keur mantau kudana ka istal Néng Dinar sok milu. Jadi wéh wanoh pisan, malah mah Néng Dinar téh sok naék kudanan bari dicekelan ku Entom sabab palaur ragag.

Entom ayeuna kelas tilu SMP, disakolana Entom kaasup murid anu pinter sabab manéhna réngking tilu disakolana. Sabada balik ti skaola Entom sok mantuan bapana ngurus kuda di istal. Kuda anu sok diuruskeun ku Entom téh nyaéta Si Sekar Panggung, dibéré arana Sekar Panggung téh sabab sukuna barodas. Tapi Si Sekar Panggung téh miboga adat anu goréng tibatan genep kuda Pa Haji nu séjéna jeung teu bisa diatur kususaha iwal, ku Entom. Si Sekar Panggung téh leuwih ngarti atawa nurut ka Entom tibatan ka Kang Wawan, Mang Ohan, Mang Acep, jeung bapana Entom anu sok ngurus kuda di istal. Malah mah ka Pa Haji salakau dunungan jeung Um Yance salaku pelatih kuda ogé teu bisa nurut. Sabab, Si Sekar Panggung téh ngajuruna dimaleman lebaran, tur Entom ogé nungkulan. Sabada indungna paéh saanggeus ngajurukeun Si Sekar Panggung, Entom anu sok nyekelan botol dot mun Si Sekar panggung hayang nyusu.

Si Sekar Panggung téh umurna geus tilu taun, tapi can kungsi dilombakeun kana pacuan. Si Sekar Panggung téh tadi téa boga adat nu goréng jeung teu bisa diatur nalika lomba téh, sabab teu daék diatur tuntunga Pa Haji téh nitah Entom ngalatih éta kuda bari dibantuan ku Um Yance. Entom naglatih Si Sekar

Panggung dina wkatu subuh saméméh manéhna mangkat ka sakola. Sabarang terus dilatih jeung bisa diatur Si Sekar Panggung téh dilombakeun jeung meunang juara ka hiji, meunangna Si Sekar Panggung téh dianti-anti pisan ku Entom sarta nu sékéna. Meunangna Si Sekar Panggung téh ngadatangkeun rejeki keur Entom, nyaéta rék diskolakeun SMA ku Pa Haji dumasar kana kahayang Néng Dinar. Sabab Entom téh rumajana pinter tapi teu boga biaya pikeun nuluykeun sakola.

### 3.6.2 Idéntitas Pangarang

Tatang Sumarsono lahir jeung gedé di Tasikmalaya, Kasang tukang kahirupanana prah waé kawas rumaja nu lian. Muntéa mah rék disebut rada aya punjulna, éta meureun pédah ti umur wewelasan ku Gusti Allah dititipan pangaresep kana kurang-karang, najan dina prakna mindengna mah ukur satimu-timuna.

Munggaran pisan karangananna dimuat dina majalah Mangle taun 1974. Kadieukeunana, sakapeung sok rada produktif. Aya kana lima likur taunan jadi wartawan disawatara surat kabar jeung majalah, boh anu terbit di Bandung boh nu terbit di Jakarta.

Kungsi dilér Hadiah Journalistik Adinegoro taun 1985 dina widang biografi. Dina widang sastra Sunda, Tatang kungsi dilélér Hadiah Sastra LBSS, Samsudi, Rancagé, jeung DK Ardiwinata. Tatang tamat ti Jurusan Pendidikan Basa Daérah IKIP ayeuna UPI Bandung taun 1982. Jaman keur mahasiswa sok milu aktif dina organisasi kamahasiswaan. Tatang aktif di Persatuan Pencak Silat Indonésia (PPSI) Jawa Barat. Buku-bukuna anu kungsi diterbitkeun ku Kiblat Buku Utama diantaranya *Galuring Gending*, *Si Paser*, *Ochank*, *Mandedurma*, *Ujay Kodok*, *Bulan Kungsi Ngolembar*, *Ajo Pitbu*, *Kakarén Révolusi*, *Singgasana Terakhir Pajajaran* jeung kamus *Populér Bergambar Sunda-Indonésia* .